

KONEKSYON

Yon Bilten Enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

ME 2019

Bilten 11, NIMEWO 53

SA KI LADAN:

- Aprann Naje
- Boutik 'Prom'
- PAMM

M-DCPS AP SELEBRE SEMÈN APRESYASYON POU PWOFESÈ



M-DCPS ANONSE PWOGGRAM, KAN ETE YO

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pran devan nan ofri e bay aksè a pwogram edikasyonèl eksepsyonèl. Elèv nan tout nivo ane eskolè pral gen opòtinite pou patisipe nan sèvis edikatif nan andwa yo chwazi pandan sesyon ete a ki pwogramme pou 1ye jiyè 2019 - 29 jiyè 2019. Sèvis sa yo fèt pou sipòte elèv pou yo satisfè demand nivo ane eskolè akademik yo.

Pou plis enfòmasyon konsènan orè lekòl ete, pwogram akademik/



anrichisman nou ofri,
aplikasyon sou Entènèt, kan
ete, ak Pwogram Estaj pou
Jèn nan Ete a, silvouplè vizite

cmnc/new/29073

#BeSummerReady

<http://news.dadeschools.net/>

DAT AK
ENFÒMASYON
ENPÒTAN

27 me - Obsèvans Jounen Memoryal
6 jen - Dènye Jou Lekòl
7 jen - Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

REYINYON KOMISYON
KONSEY LEKÒL

19 jen
11 dimaten
Reyinyon Regilye

24 jiyè
11 dimaten
Reyinyon Regilye
6è diswa
Premye Odyans Piblik
sou Bidjèak Adopsyon
Pwovizwa Prelèvman
Taks sou Pwopriyete ak
Bidjè Anyèl
2019- 2020

14 out
11 dimaten
Reyinyon Regilye

MHEYÈ LEKÒL MAGNET NAN PEYI A



Resamman, yo onore senkant uit lekòl leta magnet nan 37èm anyèl Konferans Nasyonal "Magnet Schools of America (MSA)" (Lekòl Magnet nan Amerik) avèk yon Prim Merit swa Ekselans oubyen Distenksyon dèskè yo demontre pi gwo nivo akonplisman nan lekòl Magnet nasionalman. Sa fè plis lekòl pase nenpòt lòt distri nan peyi a – depi toutan!

Pami lekòl yo gen Sant Edikasyonèl Miami Lakes ki ranpòte Prim Merit Ekselans Lekòl Magnet Dr. Ronald P. Simpson 2019 pou pi gwo angajman nan Divèsite, Ekselans Akademik, ak Inovasyon nan Kourikoulòm.

Elèv, ak anplwaye "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) te resevwa plizyè prim pou travay ekstrawòdinè ak rekonesans pou gwo nivo akonplisman yo pandan ane 2018-2019 la.

APRANN NAJE



"Learn To Swim Program (LTSP)" (Pwogram Aprann Naje) M-DCPS la, yo konnen tou sou non iSwim, sou 44èm ane operasyon li kounye a. Inisyativ sa a ki pote inovasyon, anseye plizyè jèn elèv kijan pou yo naje e eliminate laperèz yo genyen pou aktivite ki fèt nan dlo.

LTSP anseye elèv ki nan klas primè ladrès yo bezwen pou yo ka an sekirite lè yo nan zòn ki gen dlo oubyen lè yo nan dlo. Elèv sa yo pi vilnerab e yo gen plis risk pou yo nwaye. Elèv ki nan klas matènèl rive nan 2èm ane eskolè resevwa edikasyon debaz konsènan ladrès pou naje ak sekirite nan dlo. Lekòl nou vize yo nan zòn ki gen plis kantite timoun ki nwaye

oubyen plis ensidan ki gen rapò ak dlo nan Miami-Dade.

Enstriktè natasyon LTSP yo se pwofesè sètifye nan Florid ki pran fòmasyon apwofondi sou sekirite nan dlo ak bonjan teknik sou natasyon. Anplwaye yo gen anpil ladrès ak eksperyans nan anseye tout kalite elèv. Se yon pwogram ki resevwa tout timoun; nou konsantre espesyalman sou timoun ki gen bezwen espesyal. Anplis pwofesè yo gen sètifikasyon nan Florid, chak enstriktè natasyon sètifye kòm Enstriktè Kwa Wouj Ameriken pou Sekirite nan Dlo ak Kwa Wouj Ameriken pou Siveyans oubyen Sekirite moun ki ap fè aktivite nan dlo.

Chak lekòl ki ap patisipe pral resevwa yon pisin pòtab yo ka mete nan yon salklas. Chak salklas dwe satisfè sèten kondisyon sekirite avan yo enstale pisin nan. Anplis, pisin nan gen ladan yon sistèm ponp sikilasyon dènye kri, yon sistèm chofaj ak yon sistèm alam espesyalize.

LTSP a fonksyone pandan ane lekòl la. Pisin yo ap rete nan yon lekòl yo pandan nèf semèn avan yo voye yo nan yon lòt lekòl.

Pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram Aprann Naje a, silvouplè kontakte Biwo 'Life Skills and Special Programs' nan 305-995-1963.

"BOUTIK PROM" M-DCPS



Mwa sa a, elèv fi ak gason nan Lekòl Segondè North Miami Beach ki merite sa te gen opòtinite pou vizite Boutik Prom nan, pou chwazi wòb, kostim, ak soulye pou abiye, ansanm ak akseswa pou evènman prom yo nan mwa me a. Manm ak òganizasyon kominotè yo fè donasyon atik gratis sa yo yon fason pou ede elèv ki pa gen mwayen pou achte abiman pou prom e pa konsekan, te ka pa ale nan evènman enpòtan sa a. Boutik Prom nan ede elèv ki nan pozisyon ekonomik frajil ak sa yo ki fè pati Pwojè 'UP-START' – ki se pwogram M-DCPS ki sipòte elèv ki nan Pwogram Asistans pou Sanzabri oubyen elèv ki ap viv nan tranzisyon. Boutik la ki nan Kolèj Teknik Lindsey Hopkins ap kontinye sèvi elèv ki nan bezwen pandan tout ane a avèk rad, sakado, founiti klasik, manje, atik twalèt ak plis.

SEZON ETE A NAN PAMM!

Vakans ete a prèske rive, e elèv yo gen opòtinite pou yo pase yon pati nan tan yo nan 'Perez Art Muesum Miami' gratis! Pas PAMM pou Elèv la se yon pwogram ki ofri admisyon gratis nan mize pou tout elèv ki nan Lekòl Leta Miami-Dade County kounye a, soti nan klas Matènèl rive 12èm ane eskolè.

Non sèlman elèv la resevwa aksè gratis, yon adilt ki akonpaye l ap antre nan mize a gratis tou. Adilt ki akonpaye elèv la kapab yon paran, yon gadyen, oubyen yon lòt adilt tankou yon moun ki ap okipe timoun, yon granparan oubyen yon lidè eskout. Pas elèv la pèmèt li vizite mize a osi souvan li vle.



Pandan ete sa a, eksplorè dènye ekspozisyon atistik, Beatrice González: 'A Retrospective and The Other Side of Now': Previzyon sou Ar Kontanporen nan Karayi la, e pwofite pwogram PAMM pou Timoun ki fèt pou tout fanmi an, ki gen ladan 'Artivity Booklets,' Made at PAMM art-making,' e plis toujou.

Pou enskri nan pwogram Pas PAMM pou Elèv la, sèlman ale sou PAMM.org/studentpass oubyen ranpli aplikasyon an nan biwo ki nan antre mize a pandan lè regilye mize a.

Patenarya M-DCPS avèk PAMM pou enplemente Pas PAMM pou Elèv la ofri aksè gratis san parèy pou elèv nan aktivite atistik yo. Pwofite l pandan ete sa a!

MEYÈ LEKÒL SEGONDÈ OZETAZINI



U.S. News & World Report anonse lis Meyè Lekòl Segondè Ozetazini. Miami-Dade County antèt nan eta a yon fwa ankò avèk 52 lekòl ki resevwa badj Meyè Lekòl Segondè 2019 U.S. News, sèt nan 100 meyè lekòl segondè nan peyi a, ak 13 nan 20 Meyè lekòl Florid. Sis nan 10 meyè lekòl nan Florid soti nan Miami-Dade County.

ORÈ GRADYASYON 2019



Seremoni gradyasyon pou elèv Lekòl Leta Miami-Dade County yo ap fèt soti mèkredi 29 me 2019 rive jedi 6 jen 2019.

Pou yon lis dat, adrès ak lè seremoni yo silvouplè vizite www.dadeschools.net.

Suiv nou sou medya sosyal nan itilize 'hashtag' #MDCPSGrad. Bòn chans pou Klas 2019 la!

KONSEY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:


Primè:

Ede yon Elèv ki Fristre
<http://bit.ly/2JicFgO>

Secondary:

Modifeye Estrateji ou la Si Jèn ou an Resevwa yon Kanè ki Pa Sastisfezan
<http://bit.ly/2Hn5uAF>

MEDYA SOSYAL



www.dadeschools.net



@MDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

The School Board of
Miami-Dade County,
Florida

Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann Doktè Dorothy Bendross-Mindingall Susie V. Castillo Doktè Lawrence S. Feldman Doktè Steve Gallon III Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipètentandan Lekòl yo

Josh Rios
Konsèye Elèv nan Komisyón Konsèy

Se yon Pwodiksyon Biwo
Kominikasyon an

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon